



## Politik sou Mask

Kòm on pati nan jefò nou pou pwoteje travayè swen sante nou yo, pasyan nou yo, ak kominote a, ou oblije mete mask lopital la bay nan tout etablisman Mass General Brigham yo, tankou zòn pou pasyan ki entène yo, depatman ijans, [etablisman pou pasyan ki pa entène yo](#), ak zòn peri-pwosediral yo.

- Lè ou rive nan etablisman nou yo, nou ap ba ou yon mask pou pwosedi oswa pou operasyon pou ou mete. Si ou sot lakay ou ak yon mask, nou ap mande ou ranplase l ak mask nou ba ou an.
- Pasyan ki entène yo dwe mete yon mask lè yo pa nan chanm yo ak lè manm pèsònèl oswa vizitè yo antre nan chanm li.
- Ka gen kote ou ka retire mask la nan figi ou, pa egzapn, pou manje oswa bwè nan kafeterya nou yo.

**Tanpri sonje:** Malgre Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak Eta Massachusetts te leve restriksyon pou moun ki vaksinen konplètman yo pa bezwen mete mask nan plizyè anviwònman, pasyan ak vizitè nan lopital Mass General Brigham ak etablisman swen sante yo dwe kontinye mete mask lopital la bay lè yo nan etablisman nou yo. Anplwaye yo ap kontinye fè menm bagay la tou. Tout sa se pou sante ak sekirite tout moun ki sou kont nou yo.